

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat anu digunakeun ku unggal jalma sakabéh dunya pikeun komunikasi, boh éta dina wangun lisan atawa tulisan. Unggal jalma miboga poténsi anu sarua dina ngagunakeun basana séwang-séwang. Jalma anu meunang basa ngaliwatan hiji proses nu bisa disebut pemerolehan jeung pangajaran basa. Nurutkeun Kridalaksana (dina Nurlatifah, 2014) nétélakeun yén pemerolehan basa (*language acquisition*) mangrupa hiji proses mikapaham tahap meraban nepi ka fasih sautuhna. Sedengkeun pangajaran basa (*language learning*) dihartikeun minangka prosés ngawasana basa sorangan atawa basa séjén ku unggal manusa.

Basa miboga sipat *universal* nu hartina basa bisa dipaké ku sakumna manusa anu aya di alam dunya ieu anu sapopoéna ngalakukeun interaksi sosial. Tapi, teu sakabéh manusa ogé bisa make atawa nyangking kana éta basa sacara utuh. Proses nyangking basa ditangtukeun ku pamaké basa éta sorangan.

Unggal wewengkon mibanda basana séwang-séwangan nya éta basa daérah, saperti basa Sunda anu dipaké di tatar Sunda, Jawa Barat, basa Jawa nu dipaké di tanah Jawa nu ngawengku Jawa Tengah jeung Jawa Timur, jrrd.

Basa Sunda mangrupa salasahiji basa daérah nu aya di Indonésia, sarta mangrupa basa indung pikeun sakabéh urang Sunda, boh nu dumuk di Jawa Barat boh di saluareunna. Jumlah panyaturna ogé bisa kaitung réa pisan, malah kaasup kana basa daérah kadua panggedéna di Indonésia saanggeus basa Jawa.

Nilik kana wewengkonna, tanah Priangan ti mimiti daérah Bandung, Garut, Ciamis, Cianjur, Tasik jeung saterusna, tangtu miboga kaunikan basana séwang-séwang, sok sanajan sarua ngagunakeun basa Sunda. Ciri has jeung kaunikan basa di unggal wewengkon mangrupa bukti tina sipat basa nu rinéka.

Kamampuh ngawasa kandaga kecap miboga peran anu kacida pentingna dina aktivitas komunikasi, sabab lamun ngawasa kandaga kecap kalawan hadé pastina dina ngawengku komunikasi ogé bakal hadé. Ku kamampuh ngawasa kandaga kecap, jalma

bisa nepikeun hasil pamikiranana ka jalma séjénna. Beuki loba kandaga kecap nu di kawasa ku hiji jalma, maka beuki luhur ogé kamampuh jalma éta dina milih kekecapan kalawan tepat pikeun komunikasina.

Kandaga kecap robah ti mangsa ka mangsa, henteu angger, mekar ngaréikahan atawa ngurangan. Tumuwuh jeung mekarna kandaga kecap téh sok aya patalina sareng rembesan kecap atawa ungkara basa lisan, boh dina wangunna boh dina hartina ogé.

Sacara wilayah, Kabupatén Bekasi mémang ngagunakeun basa Sunda, tapi geus aya *campur tangan* jeung basa séjénna saperti basa Jawa jeung basa Betawi. Saupama ditilik tina segi géografisna, Kabupatén Bekasi mangrupa daérah nu deukeut pisan ka daérah ibu kota nu miboga budaya atawa adat Betawi. Balukarna bakal réa unsur-unsur kabudayaan anu silih pangaruhan ti mimiti kesenian, arsitektur bangunan, kadaharan, kaasup ogé basana.

Jaman kiwari téh geus écés pisan peserta didik di Jawa Barat nu hususna diperedih pikeun nyangkem kana basa indungna kalayan sampurna. Kamampuh ngawasa kandaga kecap mangrupa pangdeudeul kamampuh peserta didik dina kaparigelan basa, boh dina lisan boh tulisan. Peserta didik nu miboga kamampuh ngawasa kandaga kecap bakal miboga poténsi ngagunakeun basa tibatan maranéhna nu kurang dina ngawasa kandaga kecap. Kompetensi basa peserta didik mangrupa réfléksi ti kamampuhna dina ngalompokkeun jeung némbongkeun ma'na kecap anu tangtu. Ku kituna, kandaga kecap miboga peranan nu kacida pentingna dina ningkatkeun kompetensi basa daérah peserta didik. Kamampuh ngawasa kandaga kecap ogé bisa ningkatkeun kacerdasan maranéhna.

Ku sabab éta, tangtu perlu diayakeunna panalungtikan ngeunaan kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda ka peserta didik di daérah Kabupatén Bekasi. Dimana Kabupatén Bekasi ieu kaasup kana daérah katégori C, ogé dumasar kana hasil pra-observasi panulis ogé nu mana dina kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda masih kawilang kurang.

Bahasan ngeunaan panalungtikan kandaga kecap téh saenyana geus aya nu nalungtik, tapi aya bébédana jeung ieu panalungtikan. Panalungtikan sateuacanna ku Eva Nurlatifah (2014). Hasil tina panalungtikan ieu nya éta basa nu dipaké ku budak umur 4-5 taun can sampurna, basa Sunda masih kénéh dicampur ku basa Indonésia. Dina kamampuh ngawasa kandaga kecap murid TK aya dina katégori kurang. Budak can ngarti kana naon

anu dicarioskeun tapi budak can bisa nyarioskeun kalawan mandiri jeung budak can bisa maham kana kecap-kecap nu sipatna abstrak. Bébédaan panalungtikanna nya éta museur dina sumber data panalungtikan, fokus panalungtikan, sarta téori anu digunakeun kanggo panalungtikan. Ku kituna, kudu diayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

1.2.Rumusan Masalah

Dumasar watesan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap:

- 1) Kandaga kecap naon waé nu dikawasa ku siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi?
- 2) Kumaha undakan ngawasa kabeungharan kecap basa Sunda siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi?

1.3.Tujuan Panalungtikan

Tujuan mangrupa hiji komponén nu penting dina panalungtikan. Hartina, nangtukeun arah nu jelas sangkan panalungtikan aya mangpaatna, teu méngpar, sarta museur kana hal nu hayang dihontal. Tujuan dibagi dua nya éta, tujuan umum jeung tujuan khusus.

1. Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho sarta ngadéskripsikeun kandaga kecap basa Sunda nu dipimilik ku siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi, sarta ngukur undakan ngawasa kabeungharan kecap basa Sunda siswa.

2. Tujuan Husus

Leuwih heureutna ieu panalungtikan dilaksanakeun kalayan miboga udagan nganalisis sarta ngadéskripsikeun:

- 1) Kandaga kecap basa Sunda nu dipimilik ku siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi;
- 2) Ngukur undakan ngawasa kabeungharan kecap basa Sunda siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1. Mangpaat Téoritis

- 1) Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kamekaran élmu basa, hususna kandaga kecap basa Sunda;
- 2) Ngarojong kana kapentingan mekarkeun élmu. Pikeun pihak-pihak nu miboga kapentingan, hasil panalungtikan ieu bisa dimangpaatkeun leuwih jero kana objék nu sarupa atawa aspék séjénna nu acan ngawengku dina panalungtikan ieu.

2. Mangpaat Praktis

Sacara praktis, panalungtikan ieu gedé mangpaatna pikeun sababaraha pihak, di antarana nya éta:

1) Siswa

Pikeun méré siswa pangalaman kana ragamna kandaga kecap basa Sunda. Salian ti éta, dipiharep siswa miboga kareueus dina ngagunakeun basa Sunda minangka basa sapopoé.

2) Guru

Pikeun méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

3) Sakola

Pikeun méré gambaran ngeunaan kaayaan lingkungan sakolah atawa sistem nu diterapkeun di SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi, nu bisa jadi salasahiji faktor nu mangaruhan kana kamampuh siswa kelas 8 dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

4) Panalungtik

Pikeun méré pangaweruh sarta pangalaman ngeunaan kumaha kamampuh siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

1.5. Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nya éta ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Téori, medar téori-téori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngeunaan kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

BAB III Méthode Panalungtikan, nya éta medar désain panalungtikan, lokasi jeung subjek panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil analisis sarta déskripsi kamampuh siswa kelas 8 SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda. Kandaga kecap basa Sunda ngawengku kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan.

BAB V Panutup, nya éta medar kacindekkan tina hasil panalungtikan, saran, jeung rékomendasi.